Print Clear

**Notice:** This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

**Avi:** Sa se yon dokiman piblik. Pa mete okenn enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl sou li, kankou nimewo Sekirite Sosyal, yon nimewo lisans chofè, yon nimewo plak machin, yon nimewo kontra asirans, yon nimewo kont finansye ki aktif, yon nimewo kat kredi aktif, oswa stati militè. Dokiman sa a ap disponib ba piblik la sou demann jan li soumèt la.

New Jersey Judiciary

Sistèm Jidisyè New Jersey

# Supplemental Plea Form for Certain Sexual Offenses

**Fòm Deklarasyon Kilpabilite Siplemantè pou Sèten Zak Seksyèl** (Haitian Creole)

Megan's Law/Parole Supervision for Life/Community Supervision for Life

Lwa Megan/Libète Sipèvize sou Pawòl A Vi/Sipèvizyon Kominotè A Vi

Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.

These additional questions need to be answered if you are pleading guilty to any of the following offenses: aggravated sexual assault; sexual assault; aggravated criminal sexual contact; kidnapping under 2C:13-1c(2); endangering the welfare of a child by engaging in sexual conduct which would impair or debauch the morals of the child under 2C:24-4a; endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(3), (4) or (5)(a); endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(5)(b)(i) or (ii) (if the offense was committed on or after February 1, 2018); leader of a child pornography network pursuant to 2C:24-4.1 (if the offense was committed on or after February 1, 2018); luring or enticing a child pursuant to 2C:13-6; criminal sexual contact pursuant to 2C:14-3b if the victim is a minor; kidnapping pursuant to 2C:13-1, criminal restraint pursuant to 2C:13-2 or false imprisonment pursuant to 2C:13-3 if the victim is a minor and the offender is not the parent; promoting child prostitution pursuant to 2C:34-1b(3) or (4); or any attempt to commit any such offense.

Kesyon adisyonèl sa yo fèt pou reponn si w ap plede koupab de nenpòt ki deli swivan sa yo: zak agresyon seksyèl agrave; agresyon seksyèl; kontak seksyèl kriminèl agrave; kidnapin ki tonbe anba 2C:13-1 c(2); mete byenèt timoun an danje pa ajisman seksyèl ki ta kab pètibe ak pèvèti moral timoun daprè 2C:24-4a; mete byenèt timoun an danje daprè 2C:24-4b(3), (4) oswa (5)(a); mete byenèt timoun an danje daprè 2C:24-4b(5)(b)(i) or (ii) (si enfraksyon te komèt le ou aprè le 1ye fevriye 2018); ou se lidè yon rezon pònografi timoun konfòm ak 2C:24-4.1 (si enfraksyon an te komèt le ou aprè le 1ye fevriye 2018); sedwi oswa antrene yon timoun nan lerè daprè 2C:13-6; kontak seksyèl kriminèl daprè 2C:14-3b si viktim la se yon minè; kidnapin daprè 2C:13-1; kenbe timoun la kont volonte li daprè 2C:13-2 oswa sekestrasyon daprè 2C:13-3 si viktim la se yon minè epi moun ki komèt zak la pa paran li; pwomouvwa pwostitisyon timoun daprè 2C:34-1b(3) oswa (4); oubyen kelkeswa tantativ pou komèt nenpòt nan zak sa yo.

Please note for Question 4b(2) that while endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(5)(b)(iii) can be subject to parole supervision for life upon a motion of the prosecutor, this offense was not included in the February 1, 2018 amendments to the offenses subject to Megan's Law under 2C:7-2b(2).

Tanpri remake ke pou Kesyon 4b (2) si w mete byenèt yon timoun an danje konfòm ak 2C:24-4b(5)(b)(iii) ou kab sijè a yon sipèvizyon sou pawòl avi si komisè gouvènman a fè yon petisyon, deli sa a pat enkli nan amannman ki te fèt le 1ye fevriye 2018 la pami deli ki fè pati Lwa Megan la sou 2C:7-2b(2).

Note also that Question 7 includes the offense of felony murder if the underlying crime is sexual assault, as well as any offense for which the court makes a specific finding on the record that, based on the circumstances of the case, the offense should be considered a sexually violent offense, or an attempt to commit these offenses.

Remake byen tou ke, kesyon a gen ladann deli asasina si zak fondamantal la se yon agresyon seksyèl, ak nenpòt ki zak ke tribinal la ta espesifikman konsidere sou rejis la ke, daprè sikonstans ka a, zak la ta fèt pou konsidere antan ke yon zak seksyèl ak vyolans, oswa tantativ pou komèt tip zak sa yo.

## 1. Registration

**Anrejistreman**

a. Do you understand that you must register with certain public agencies? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ou oblije anrejistre ak sèten ajans piblik?

b. (1) Do you understand that if you change residence you must notify the law enforcement agency where you are registered, and must re-register with the chief law enforcement officer of the municipality in which you will reside, or the Superintendent of State Police if the municipality does not have a chief law enforcement officer, no less than 10 days before you intend to reside at the new address? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w ta chanje adrès ou fèt pou notifye ofisye chèf ajans fòsdelòd kote w anrejistre a, epi w fèt pou re-anrejistre ak chèf fòsdelòd nan minisipalite kote ou abite a, oswa Direktè Polis Leta si minisipalite a pa gen yon ofisye chèf fòsdelòd pa mwens ke 10 jou anvan ou al abite nan nouvo adrès la?

(2) Do you understand that if you change employment or school enrollment status you must notify the appropriate law enforcement agency no later than 5 days after the change? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w chanje travay oswa estati skolè w, ou fèt pou notifye ajans fòsdelòd ki koresponn la pa pi ta ke 5 jou anvan chanjman a fèt?

(3) Do you understand that if you fail to notify the appropriate law enforcement agency of a change of address or status you may be charged with a third-degree crime, and may receive a sentence of imprisonment of up to 5 years? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w pa ta notifye ajans fòsdelòd ki koresponn la de chanjman adrès oswa stati w, yo ta kab mete yon twazyèm akizasyon sou do w de ti deli twazyem degre, epi w ta ka resevwa yon santans nan prizon de jiska 5 lane?

c. Do you understand that if you fail to register or re-register you may be charged with a third-degree crime and receive a sentence of imprisonment of up to 5 years? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w pa ta anrejistre oswa re-anrejistre yo ta kab akize w de yon deli klasifikasyon penal 3yèm degre ak resevwa yon santans nan prizon de jiska 5 lane?

d. Do you understand that you must provide the appropriate law enforcement agency with information about your routine access to or use of a computer or device with Internet capability? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke w fèt pou founi ajans fòsdelòd ki koresponn la enfòmasyon konsènan abitid pou jwenn aksè pou oswa itilize yon konpitè oubyen nenpòt ki aparèy ki gen kapasite pou entènèt?

e. Do you understand that if you fail to notify, or provide false information to, the appropriate law enforcement agency about your routine access to or use of a computer or device with Internet capability or a change in such use or access, you may be charged with a third-degree crime and may receive a sentence of imprisonment of up to 5 years? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w pa notifye, oswa bay enfòmasyon ki fo ba ajans fòsdelòd ki koresponn la konsènan abitid w pou jwenn aksè pou oswa itilize yon konpitè oubyen nenpòt ki aparèy ki gen kapasite pou entènèt, oswa ou ta fè yon chanjman nan fason ou itilize oswa rantre sou entènèt la, yo ta kab akize w de yon enfraksyon klasifikasyon penal 3yèmd degre epi w ta ka resevwa yon santans nan prizon de jiska 5 lane?

2. **Address Verification**
**Verifikasyon Adrès**

a. Do you understand that if you are pleading guilty to aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact, kidnapping pursuant to 2C:13-1c(2) or any attempt to commit any of these crimes and at sentencing the court finds that your conduct was characterized by a pattern of repetitive, compulsive behavior you must verify your address with the appropriate law enforcement agency every 90 days or if the court finds your conduct is not characterized by a pattern of repetitive and compulsive behavior, you must verify your address annually? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si wap plede koupab de agresyon seksyèl agrave, agresyon seksyèl, kidnapinn daprè 2C:13-1c(2) oswa nenpòt ki tantativ pou komèt nenpòt nan zak sa yo epi jou santans la tribinal la ta rive a konklizyon ke konpòtman w klasifye antan ke konpòtman ki repete souvan, ajisman enkontwolab ou fèt pou verifye adrès ou ak ajans fòsdelòd ki koresponn la chak 90 jou oubyen si tribinal la ta rive a konklizyon ke konpòtman ou pa klasifye pa yon konpòtman ki repete souvan ak ajisman enkontwolab, ou fèt pou verifye adrès ou chak lane?

b. Do you understand that if you provide false information concerning your residence or fail to verify your address you may be charged with a third-degree crime and receive a sentence of imprisonment up to 5 years? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si w bay fo enfòmasyon konsènan adrès kote w abite a oubyen si w pa ta verifye adrès ou yo ta kab akize w de yon enfraksyon klasifikasyon penal twazyèm degre epi w ta ka resevwa yon santans de 5 lane nan prizon?

3. **Notification**
**Notifikasyon**

Do you understand that the requirement of registration may result in notification to law enforcement, community organizations, or the public at large, of your release from incarceration or presence in the community? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke egzijans pou anrejistre a ta kab deklanche notifikasyon ba tout òganizasyon kominotè fòsdelòd, oswa ba tout moun, oubyen liberasyon w de prizon oswa prezans ou nan kominote a?

4. a. Community Supervision for Life **<u>(only complete if the offense occurred before January 14, 2004</u>). (If the offense occurred on or after January 14, 2004, the defendant should complete Question 4b, Parole Supervision for Life).**

Sipèvizyon Kominotè a vi **<u>(ranpli sèlman si zak la te komèt anvan 14 janvye 2004). (Si zak la te fèt le ou aprè le 14 janvye 2004, akize a fèt pou ranpli Kesyon 4b, Sipèvizyon Kondisyonèl a Vi).</u>**

| | | | |
|---|---|---|---|
| (1) Do you understand that if you are pleading guilty to the crime of aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact, kidnapping pursuant to 2C:13-1c(2), endangering the welfare of a child by engaging in sexual conduct which would impair or debauch the morals of the child pursuant to 2C:24-4a, luring, or an attempt to commit any such offense, the court, in addition to any other sentence, will impose a special sentence of community supervision for life?<br>Èske w konprann ke si w plede koupab de deli agresyon seksyèl agrave, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminel agrave, kidnapinn daprè 2C:13-1c(2), mete byenèt timoun an danje pa ajisman seksyèl ki ta kab pètibe ak pèvèti moral timoun la daprè 2C:24-4a, sedwi oswa eseye komèt nenpòt nan zak sa yo, tribinal la an plis de nenpòt ki lot santans ava enpoze yon santans espesyal de sipèvizyon kominotè a vi? | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |
| (2) Do you understand that being sentenced to community supervision for life means that: you will be supervised for at least 15 years as if on parole, and subject to conditions appropriate to protect the public and foster rehabilitation, including, but not limited to counseling; Internet access or use; and other restrictions, which may include restrictions on where you can live, work or travel?<br>Èske w konprann ke le fèt ke yo ba w yon santans de sipèvizyon kominotè a vi, sa vle di ke: yap sipèvize w omwen pou 15 lane kankou w ta sou libète kondisyonèl, ak soumèt a tout kondisyon apwopriye pou pwoteje piblik la ak ankouraje reyabilitasyon, enkli, men ki pa limite a oryantasyon pwofesyonèl; aksè a entènèt oswa izaj entènèt; ansanm ak tout lòt restriksyon, ki ta kab gen ladann restriksyon sou ki kote w gendwa abite, travay ak vwayaje? | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |
| (3) Do you understand that the restrictions on where you can live may include restrictions on residing in a home with minor children?<br>Èske w konprann ke restriksyon konsènan kote ou kab abite kab gen ladann restriksyon pou abite nan kay ak timoun minè? | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |

(4) Do you understand that if you violate a condition of community supervision for life and you are indicted and convicted for that violation, you may receive a sentence of imprisonment of up to 18 months? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non ☐ NA/ pa aplikab

Èske w konprann ke si w vyole kondisyon sipèvizyon kominotè a vi a epi yo ta akize w fòmèlman ak deklare w koupab de vyolasyon sa a, ou ta ka resevwa yon santans ki ka rive jiska 18 mwa nan prizon?

b. **Parole Supervision for Life (only complete if the offense occurred on or after January 14, 2004).**

**Sipèvizyon Kondisyonèl a vi <u>(Konplete sèlman si enfraksyon te fèt le ou aprè le 14 janvye 2014).</u>**

(1) Do you understand that if you are pleading guilty to the crime of aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact, kidnapping pursuant to 2C:13-1c(2), endangering the welfare of a child by engaging in sexual conduct which would impair or debauch the morals of a child pursuant to 2C:24-4a, endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(3), endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(5)(b)(i) or (ii) (if the offense was committed on or after February 1, 2018), luring or an attempt to commit any of these offenses and the offense occurred on or after January 14, 2004, in addition to any other sentence, will impose a special sentence of parole supervision for life? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non ☐ NA/ pa aplikab

Èske w konprann ke si wap plede koupab de yon deli de agresyon seksyèl agrave, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl agrave, kidnapinn daprè 2C:13-1c(2), mete byenèt timoun an danje timoun an danje pa ajisman seksyèl ki ta kab pètibe ak pèvèti moral timoun daprè 2C:24-4a, mete byenèt timoun an danje daprè 2C:24-4b(3), mete byenèt timoun an danje konfòm ak 2C:24-4b(5)(b)(i) or (ii) (si enfraksyon an te komèt le ou aprè le 1ye fevriye, 2018), sedwi oswa eseye komèt nenpòt nan zak sa yo epi ke zak la ta komèt le ou aprè le 14 janvye 2004, anplis de nenpòt ki lòt santans, yo ta ka enpoze yon santans espesyal de sipèvizyon kondisyonèl a vi?

(2)(a) **(only complete if the offense occurred on or after August 14, 2013)** ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non ☐ NA/ pa aplikab

Do you understand that if you are pleading guilty to the crime of endangering the welfare of a child pursuant to N.J.S.A. 2C:24-4b(4) or N.J.S.A. 2C:24-4b(5) or an attempt to commit either of these offenses and the offense occurred on or after August 14, 2013, in addition to any other sentence, and

upon motion of the prosecutor, the court shall impose a special sentence of parole supervision for life, unless the court finds on the record that parole supervision for life is not needed to protect the community or deter you from future criminal activity?

Èske w konprann ke si wap pled koupab de zak ponografi timoun daprè *N.J.S.A.* 2C:24-4b(4) oswa *N.J.S.A.* 2C:24-4b(5) oswa nenpòt ki tantativ pou komèt nenpòt nan zak sa yo epi zak la te komèt le ou aprè le 14 awout 2014, an plis de nenpòt ki lòt santans, epi sou demann komisè gouvènman a, tribinal la fèt pou li enpoze yon santans espesyal de sipèvizyon kondisyonèl a vi, amwens ke tribinal ta deside ke daprè rejis ka a, ke sipèvizyon kondisyonèl a vi pa nesesè pou pwoteje kominote a oubyen pou disyade w de komèt tip aktivite kriminèl sa yo nan lavni?

(2)(b) (**only complete if the offense occurred on or after February 1, 2018)** ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non ☐ NA/ pa aplikab

Do you understand that if you are pleading guilty to the crime of endangering the welfare of a child pursuant to N.J.S.A*.* 2C:24-4b(5)(b)(iii) or leader of a child pornography network pursuant to N.J.S.A*.* 2C:24-4.1, or an attempt to commit either of these offenses and the offense occurred on or after February 1, 2018, in addition to any other sentence, and upon motion of the prosecutor, the court shall impose a special sentence of parole supervision for life, unless the court finds on the record that parole supervision for life is not needed to protect the community or deter you from future criminal activity?

Èske w konprann ke si w plede koupab de deli mete byenèt timoun an danje konfòm ak *N.J.S.A.* 2C:24-4b(5)(b)(iii) oswa w se lidè yon rezo pònografi timoun daprè *N.J.S.A.* 2C:24-4.1*,* oubyen ou fè tantativ pou komèt nenpòt nan enfraksyon sa yo epi enfraksyon an te fèt le ou aprè le 1ye fevriye 2018, an plis de nenpòt ki santans, epi a petisyon komisè gouvènman a, tribinal la fèt pou li enpoze yon santans espesyal de sipèvizyon libète kondisyonèl avi, amwens ke tribinal la ta deside sou rejis la ke sipèvizyon libète kondisyonèl avi a pa nesesè pou pwoteje kominote a oswa prevni w komèt aktivite kriminèl nan lavni?

(3) Do you understand that being sentenced to parole supervision for life means that upon release from incarceration or immediately upon imposition of a suspended sentence you will be supervised by the ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non ☐ NA/ pa aplikab

Division of Parole for at least 15 years and will be subject to provisions and conditions of parole, including conditions appropriate to protect the public and foster rehabilitation, such as, but not limited to, counseling, Internet access or use, and other restrictions which may include restrictions on where you can live, work, travel or persons you can contact?

Èske w konprann ke resevwa yon santans de sipèvizyon kondisyonèl a vi vle di ke osito yo lage w de prizon oubyen imedyatman aprè yo enpoze yon santans ke yo ranvwaye, Depatman Sipèvizyon Kondisyonèl la ap sipèvize w pou omwen 15 lane e wap bije soumèt ou a tout dispozisyon ak kondisyon sipèvizyon kondisyonèl yo, enkli tout kondisyon ki ta koresponn pou pwoteje piblik la ak ankouraje reyabilitasyon, men ki pa limite a, oryantasyon pwofesyonèl, aksè a entènèt oswa itilizasyon, ak tout lòt restriksyon ki gen ladann restriksyon sou kote w kab abite, travay, vwayaje oswa moun ke w gendwa kontakte?

| | | | |
|---|---|---|---|
| (4) Do you understand that the restrictions on where you can live may include restrictions on residing in a home with minor children?<br>Èske w konprann ke restriksyon sa yo sou kote w gendwa abite kab gen ladann tout restriksyon konsènan abite nan kay kote gen timoun minè? | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |
| (5) Do you understand that if you violate a condition of parole supervision for life, your parole may be revoked and you can be sent to prison for 12 to 18 months for each revocation that occurs while you are being supervised and that the prison term you receive cannot be reduced by commutation or work credits?<br>Èske w konprann ke si w ta vyole youn nan kondisyon sipèvizyon kondisyonèl a vi yo, yap revoke sipèvizyon kondisyonèl la epi yo ta kab mete w nan prizon pou 12 a 18 mwa pou chak revokasyon ki ta fèt pandan ke w sou sipèvizyon epi tou tèm prizon ou ta resevwa pap gen rediksyon sou tèm prizon a oswa kredi pou travay? | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |
| (6) Do you understand that if you violate a condition of parole supervision for life and you are convicted for that violation, you will receive a sentence of imprisonment up to 5 years **(if the offense to which you are pleading guilty was committed on or after July 1, 2014)** or up to 18 months **(if the offense to which you are pleading guilty was committed before July 1, 2014)** and that the sentence you receive could be in addition to any | ☐ Yes/ Wi | ☐ No/ Non | ☐ NA/ pa aplikab |

prison term you may receive from the Parole Board for a violation of parole supervision for life?

Èske w konprann ke si w vyole youn nan kondisyon sipèvizyon kondisyonèl a vi yo , epi yo kondane w pou vyolasyon sa a, wap resevwa yon kondanasyon nan prizon de jiska 5 lane (Si zak oou te komèt la fèt le ou aprè le 1ye jiyè 2014), oswa ou ta ka resevwa yon kondanasyon nan prizon de jiska 18 mwa (Si w ap plede koupab de yon zak ke w te komèt anvan le 1ye jiyè 2014) epi tou, yo ta kab ajoute santans ke w resevwa a sou nenpòt ki lòt tèm prizon.

5. **Internet Posting**
**Afich sou Entènèt**

a. Do you understand that as a result of your conviction your name, age, race, sex, date of birth, height, weight, eye color, any distinguishing scars or tattoos you have, your photograph, the make, model, color, year and license plate number of any vehicle you operate, the street address, zip code, municipality and county in which you reside and a description of the offense for which you are pleading guilty, may be publicly available on the Internet? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke swit a kondanasyon ou an, non ou, laj ou, ras ou, seks ou, dat de nesans ou, wòte w, pwa w, koulè zye w, ak nenpòt ki siy ki ta kab distenge w kankou sikatris oswa tatwaj ou ta geneyen, pòtre w, mak, modèl, koulè, ane ak nimewo plak machinn ou kodwi a, adrès kay w, kòd postal, minisipalite ak konte kote w abite a ansanm ak deskripsyon zak pou ki w plede koupab la, kab disponib pou piblik la sou entènèt?

b. Do you understand that if you are convicted and your conduct was found to be characterized by a pattern of repetitive and compulsive behavior your name, age, race, sex, date of birth, height, weight, eye color, any distinguishing scars or tattoos you have, your photograph, the make, model, color, year and license plate number of any vehicle you operate, the street address, zip code, municipality and county in which you reside and a description of the offense for which you are pleading guilty, may be publicly available on the Internet? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si yo kondane w epi yo jwenn ke konpòtman ou klasifye pa ajisman repete ak enkontwolab, non ou, laj ou, ras ou, seks ou, dat de nesans ou, wòte w, koulè zye w, ak nenpont ki siy ki ta kab distenge w kankou sikatris oswa tatwaj ou ta genyen, pòtre w, mak, modèl, koulè, lane ak nimewo plak machinn ou kondwi a, adrès kay w, kòd postal, minisipalite ak konte kote w abite ansanm ak deskripsyon zak pou ki w plede koupab la, kab disponib pou piblik la sou entènèt?

6. **Statewide Sexual Assault Nurse Examiner Program Penalty**
**Pwogram Sanksyon Enfimyè ki espesyalize nan ka Agresyon Seksyèl atravè tout leta yo**

Do you understand that if the crime occurred on or after May 4, 2001 as a result of your guilty plea you will be required to pay a penalty of $800 for each offense for which you are pleading guilty? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si deli a te komèt le oubyen aprè le 4 me 2001 swit de deklarasyon koupab ou an wap oblije peye yon amann de $800 pou chak zak pou ki w plede koupab?

7. **Civil Commitment**
   **Entènen nan Enstitisyon Sivil**

   Do you understand that if you are convicted of a sexually violent offense, such as aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact, kidnapping under 2C:13-1c(2)(b), criminal sexual contact, felony murder if the underlying crime is sexual assault, an attempt to commit any of these offenses, or any offense for which the court makes a specific finding on the record that, based on the circumstances of the case, the offense should be considered a sexually violent offense, you may upon completion of your term of incarceration, be civilly committed to another facility for up to life if the court finds, after a hearing, that you are in need of involuntary civil commitment? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

   Èske w konprann ke si yo ta kondane w de yon zak seksyèl ak vyolans, kankou agresyon seksyèl agrave, kontak seksyèl kriminel agrave, kidnapinn daprè 2C:13-1c(2(b), kontak seksyèl kriminèl, deli asasina si zak fondamantal la se yon agresyon seksyèl, tantativ pou komèt nenpòt nan zak sa yo, oswa nenpòt ki zak ke tribinal la ta espesifikman deklare sou rejis la ke, daprè sikonstans ka a, zak la ta fèt pou konsidere kom zak seksyèl ak vyolans, epi w ta kab, lè w fini konplete tèm prizon ou an, oubyen entènen w nan yon lòt enstitisyon sivil jiska a vi si tribinal la ta detèmine, aprè odyans la ke w merite yo entène w envolontèman.

8. **Surcharge Penalty for Certain Sex Offenses**
   **Amann siplemantè pou Sèten Zak Seksyèl**

   Do you understand that if you are pleading guilty to the crime of aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact or criminal sexual contact and the offense occurred on or after July 1, 2002, the court shall impose a fine of $100? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

   Èske w konprann ke si wap plede koupab de komèt zak agresyon seksyèl agrave, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl agrave oswa kontak seksyèl epi zak la te komèt le ou aprè le 1ye jiyè 2002, tribinal la fèt pou li enpoze yon amann de $100?

9. **Sex Offender Supervision Fund Penalty**
   **Amann pou Fon Sipèvizyon pou Agresè Seksyèl**

   Do you understand that if the offense was committed on or after July 1, 2014, as a result of your guilty plea you may be required to pay a Sex Offender Supervision Fund Penalty of $30 per month? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

   Èske w konprann ke si zak la te komèt le ou aprè le 1ye jiyè 2014, swit a deklarasyon de koupab ou an yo ta kab egzije w peye yon amann de $30 pa mwa nan Fon Sipèvizyon pou Agresè Seksyèl la? Yon penalite de $30 pa mwa?

10. **Sex Crime Victim Treatment Fund (SCVTF) Penalty**
    **Amann pou Fon Tretman Viktim Zak Seksyèl (SCVTF) Sex**

    Do you understand that if the crime occurred on or after April 26, 2005, as a result of your guilty plea you will be required to pay a mandatory SCVTF penalty as listed below for each offense for which you pled guilty? ☐ Yes/ Wi ☐ No/ Non

Èske w konprann ke si zak la te komèt le ou aprè le 26 avril 2005, swit a deklarasyon koupab ou an wap oblije peye yon amann egzijib ba Fon pou Tretman Viktim Zak Seksyèl la jan li enimere anba la a pou chak zak ke w plede koupab?

The mandatory penalties are as follows:
(1) Up to $2,000 in the case of a 1st degree crime
(2) Up to $1,000 in the case of a 2nd degree crime
(3) Up to$750 in the case of a 3rd degree crime
(4) Up to $500 in the case of a 4th degree crime

Amann egzijib yo make a la swit anba la a:
(1) Jiska $2,000 nan ka yon zak klasifye 1ye degre
(2) Jiska $1,000 nan ka yon zak klasifye 2yèm degre
(3) Jiska $750 nan ka yon zak klasifye 3yèm degre
(4) Jiska $500 nan ka yon zak klasifye 4yèm degre

Total Maximum SCVTF Penalty: $ ____________
Total Maksimòm Penalite (SCVTF) de:

____________ s/ ____________________
Date/ Dat Signature of Defendant/ Siyati Akize a

____________ s/ ____________________
Date/ Dat Signature of Defense Attorney/ Siyati Avoka LaDefans

____________ s/ ____________________
Date/ Dat Signature of Prosecutor/ Siyati Komisè Gouvènman